

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÈKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Dumasar kana hasil panalungtikan, jeung pedaran dina BAB IV ieu hasil panalungtikan tèh bisa dicindekkeun saperti ieu dihandap.

Kamampuh nulis tèks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung samèmèh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* kagolong can tuntas. Dina hasil kamampuh siswa samèmèh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* siswa can tuntas dina nangtukeun raraga tulisan, mamanis basa, struktur kalimah, èjahan, karapihan tulisan. Kapaluruh skor hasil kamampuh siswa samèmèh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* nyaéta 1869 kalawan peunteun rata-raatana 58 ku kituna, kamampuh nulis tèks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung samèmèh dilarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing* kaasup katègori can tuntas dumasar kana Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) nyaéta 75.

Kamampuh nulis tèks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing*, katitèn aya parobahan. Dina hasil kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* siswa geus tuntas nyusun tèks biantara kalayan aspek raraga tulisan, mamanis basa, struktur kalimah, èjahan, jeung karapihan tulisan. Kapaluruh skor hasil kamampuh siswa sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* nya éta 2801 kalawan peunteun rata-rata 88. Ku kituna, kamampuh nulis téks biantara siswa sabada dilarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing* kaasup katègori tuntas dumasar kana Kriteria Ketuntasan Minimal (KKM) nya éta 75.

Aya ningkatna kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung sabada dilarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing* tina can tuntas (58) jadi tuntas (88). Hartina modél pangajaran *Quantum Writing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung. Ditilik tina jihat aspék-aspék ningkat, aspék tulisan (9 jadi 14), aspék mamanis basa (15 jadi 20), aspék struktur kalimah (8 jadi 14), aspék èjahan (3 jadi

4), jeung aspék karapihan tulisan (8 jadi 13). Dina sababaraha aspék struktur kalimat. Ku kituna, bisa di cindekkeun modél pangajaran *Quantum Writing* bisa ngaronjatkeun kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung dina unggal aspékna.

Aya béda anu signifikan antara kamampuh nulis téks biantara siswa kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*. Tina uji *paired sample statisric* nuduhkeun yén rata-rata peunteun dina tés kamampuh nulis téks biantara siswa saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* nya éta 58,41 ku *standar deviasi* 11,769 jeung rata-rata peunteun dina tés kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* nya éta 87,50 ku *standar deviasi* 5,951. Hartina rata-rata peunteun kamampuh nulis téks biantara sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing* leuwih gedé tibatan rata-rata peunteun dina tés kamampuh nulis téks biantara saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*, dina uji hipotésis hasil + itungan nyaéta 29,094 jeung *signifikasi* (sig.2-tailed) 0,000. Ku sabab peunteun *signifikasi* (sig.2-tailed) nya éta $(0,000 \leq 0,005)$ atawa kurang ti 0,05. Ku kituna, H1 ditarima atawa H0 ditolak. Jadi, aya béda anu *signifikansi* antara kamampuh nulis téks biantara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Quantum Writing*. Hartina modél pangajaran *Quantum Writing* bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis téks biantara kelas IX-A SMP Kartika XIX-2 Bandung taun ajaran 2019/2020.

5.2 Implikasi

Modél pangajaran *Quantum Writing* dilarapkeun dina pangajaran nulis tèks biantara miboga implikasi yén ieu modél bisa ditarima ku siswa. Ieu hal bisa ditarima dina pangajaran sabab nalika prak-prakan dina ngalarapkeun modél pangajaran *Quantum Writing* kawilang ngirut, siswa leuwih kreatif, miboga motivasi pikeun ngebrehkeun gagasanana dina wangun tinulis, jeung ayana sikep silih rojong jeung silih intropeksi kasalahan dina nulis téks biantara babaturanana. Ayana modél pangajaran *Quantum Writing* jadi alesan pikeun siswa ngaronjatkeun kaparigelanana dina nulis tés biantara

5.3 Rekomendasi

- 1) Dumasar hasil panalungtikna yèn modèl pangajaran *Quantum Writing* tèh èfèktif pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis tèks biantara. Jadi modèl pangajaran *Quantum Writing* bisa dijadikeun alternatif ku guru dina pangajaran nulis tèks biantara.
- 2) Ieu panalungtikan ngagunakeun mètode kuasi èkspèrimen, ku sabab kitu perlu ayana panalungtikan sèjèn anu ngagunakeun mètode èkspèrimen murni.